Pauro naSirasi

Zvino iye Ishe asingaperi, asingafi, asingaonekwi, iye Mwari oga, ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri. 1TIMOTI 1:17

Pauro naSirasi

Zvino iye Ishe asingaperi, asingafi, asingaonekwi, iye Mwari oga, ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri. 1TIMOTI 1:17

MABASA AVAPOSTORI 16:23-34

Pauro naSirasi mutorongo
23Shure kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye
muchengeti wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwazvo.
24Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati
akasungirira tsoka dzavo pamatanda.

25Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga
vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe
vasungwa vakanga vakavateerera. 26Pakarepo pakava
nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo dzetorongo
dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka, uye
ngetani dzavanhu vose dzakasununguka.

27Muchengeti wetorongo akamuka, uye paakaona masuo etorongo
azaruka akavhomora munondo wake uye akada kuzviuraya
nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka. 28Asi Pauro
akadanidzira achiti, “Usazvikuvadza! Tiri muno tose!” 29Muchengeti
wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda
achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera.

30Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, “Vakuru, ndingaita sei
kuti ndiponeswe?”
31Vakapindura vakati, “Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe
neimba yako.” 32Ipapo vakataura shoko raShe kwaari nokuna
vose vakanga vari mumba. 33Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti
wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo,
akabhabhatidzwa iye nemhuri yake. 34Muchengeti wetorongo
akaenda navo kumba kwake akavagadzirira zvokudya; akazadzwa
nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.

MABASA AVAPOSTORI 16:23-34

Pauro naSirasi mutorongo
23Shure kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye
muchengeti wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwazvo.
24Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati
akasungirira tsoka dzavo pamatanda.

25Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga
vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe
vasungwa vakanga vakavateerera. 26Pakarepo pakava
nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo dzetorongo
dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka, uye
ngetani dzavanhu vose dzakasununguka.

27Muchengeti wetorongo akamuka, uye paakaona masuo etorongo
azaruka akavhomora munondo wake uye akada kuzviuraya
nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka. 28Asi Pauro
akadanidzira achiti, “Usazvikuvadza! Tiri muno tose!” 29Muchengeti
wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda
achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera.

30Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, “Vakuru, ndingaita sei
kuti ndiponeswe?”
31Vakapindura vakati, “Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe
neimba yako.” 32Ipapo vakataura shoko raShe kwaari nokuna
vose vakanga vari mumba. 33Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti
wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo,
akabhabhatidzwa iye nemhuri yake. 34Muchengeti wetorongo
akaenda navo kumba kwake akavagadzirira zvokudya; akazadzwa
nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.

44-16 Praising God Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona